Kijan pou moun Jwen n yon Referans

ENFÒMASYON POU PASYAN YO SOU JAN YO KOÒDONE SWEN W

Kòm yon pasyan CHA, sante w se pi gwo okipasyon nou. Pou nou ka reponn a bezwen w yo, ekip k ap ba w premye swen an kapab refere w bay yon espesyalis oswa yon sèvis espesyalize. Sa pèmèt nou konprann sante w epi devlope plan tretman ki pi bon an. Kesyon sa ak repons sa yo ede esplike pwosesis referans la.

Si m gen yon bezwen medikal ki egzije swen espesyalize, ki kote m dwe ale?

Ekip k ap ba w premye swen nan CHA a kapab ede w ak kèlkeswa bezwen pou referans espesyalize. Doktè nou yo te chwazi yon gwoup espesyalis lokal pou yo asosye avèk yo pou yo ba w swen. Nan plizyè ka, doktè sa yo travay nan CHA, epi yo tout ofri gwo kalite swen. Espesyalis sa yo travay sere sere avèk ekip k ap ba w premye swen an pou yo konprann bezwen w yo epi pou yo rekòmande tretman. Sa abouti a pi bon rezilta pou sante w.

Se pa tout espesyalis ki nan rezo plan asirans sante w la ki konekte ak CHA. Poutèt sa, tanpri pale ak ekip k ap ba w swen sante a sou referans ou a. Nou vle pou w jwenn swen ki pi entegre a epi nou vle asire nou ou pa gen pou w peye nan pòch ou pou swen espesyalize.

Kijan pou m jwenn yon referans pou swen ki pa swen dijans?

Si w panse w bezwen swen espesyalize, tanpri kontakte ekip k ap ba w premye swen an pou w diskite yon referans. Nou vle ede w jwenn sèvis ak espesyalis ki bon pou ou a baze sou istwa medikal ou ak sentòm ou yo. Sa enpòtan, menm si plan asirans sante w la pa egzije yon referans fòmèl. Ou dwe rele plan asirans sante w la tou pou w wè ki sèvis yo peye pou yo.

Ki regleman plan asirans sante m nan genyen sou referans?

Pifò plan asirans sante yo genyen regleman enpòtan sou referans. Regleman sa yo varye selon konpayi asirans la e selon plan asirans ou genyen an. Tanpri rele depatman sèvis kliyantèl nan plan asirans sante w la pou w chache konnen enfòmasyon sou regleman yo genyen pou tès oswa pou referans bay espesyalis.

Pa egzanp, kèk plan asirans sante (tankou HMO yo) egzije pou doktè k ap ba w premye swen an chwazi yon espesyalis pou ou, baze sou bezwen w yo. Plan asirans sante ki itilize opsyon òganizasyon ki gen moun ki bay swen yo prefere [preferred provider organizations (PPO)] oswa opsyon sèvis oryante [point of service (POS)] ka fè w peye plis pou w wè yon espesyalis doktè w la pa t chwazi. Lòt plan ka fè w peye pou fakti a okonplè [pa sèlman peyman pati pa w la (copay) oswa dediktib] si w wè yon doktè ki pa nan rezo referans prefere nou an.

E si m vle wè yon espesyalis diferan, youn ki pa travay nan CHA oswa ki pa nan lis prefere doktè k ap ban mwen premye swen an?

Tanpri pale ak ekip k ap ba w premye swen an si w gen kesyon sou yon espesyalis oswa yon sèvis espesyalize. Nou santi li enpòtan pou w rete nan rezo espesyalis ki anplas nou an, men nou konnen kèk pasyan gen enkyetid espesyal. Nan pale avèk nou, nou ka ede oryante swen w nan voye w al wè moun ki bay swen ki pi apwopriye a epi n ap asire nou w ap jwenn swen koòdone w bezwen an.

Tanpri se pou w konnen ou pa bezwen yon referans pou w chwazi yon doktè obstetrisyen. Sa se dwa ou genyen dapre lalwa Massachusetts, epi nou sipòte sa ak tout fòs. Cambridge Health Allliance ofri yon gwo varyete swen obstetrik, ki gen ladan swen enfimyè fanmsaj lisansye ak doktè Obstetrik/ Jinekoloji bay. Nou ofri tou de (2) lokal pou akouchman, sant matènite Cambridge Hospital nou an ak Sant Nesans Cambridge nou an.

Èske mwen kapab jwenn yon referans nan men moun ki ban m premye swen an apre mwen fin wè yon espesyalis?

Non. Si w bezwen yon referans, tanpri pale ak ekip k ap ba w premye swen an anvan w pran yon randevou ak yon espesyalis. Pifò plan sante yo egzije pou w jwenn yon referans nan men moun k ap ba w premye swen an davans. Si w pa gen yon referans, ou kapab responsab pou w peye fakti a okonplè pou vizit medikal sa a.

E si yo refere m bay yon espesyalis pandan m nan sal dijans la oswa nan lopital la?

Si ou nan sal dijans la oswa nan lopital la, ou ka wè yon espesyalis kòm yon pati nan swen w ap resevwa a. Yo ka refere w bay yon espesyalis tou. Lè w kite la a, li enpòtan pou w rele ekip k ap ba w premye swen nan CHA a touswit. Sa pral pèmèt nou kontinye genyen enfòmasyon sou bezwen sante w yo, pèmèt nou koòdone swen pou swivi w yo, epi pou n asire nou nenpòt vizit ou fè kay yon espesyalis reponn a egzijans plan asirans sante w la.

Cambridge Health Alliance genyen twa lokal depatman dijans – nan lokal Cambridge Hospital, Somerville Hospital, ak Whidden Hospital. Tou le twa louvri 24 sou 24.

E si mwen bezwen yon referans lè m an vakans oswa lè m andeyò lakay mwen?

Nou espere w pap janm bezwen swen espesyalize lè w andeyò lakay ou. Men si w bezwen sa, tanpri tcheke ak plan asirans sante w la. Kompayi asirans yo gen règleman diferan sou sèvis medikal lè moun andeyò lakay yo. Poutèt sa, li enpòtan pou ou pou w konprann ki sèvis yo peye pou yo lè w pran swen ki pa swen dijans an deyò zòn yo kouvri yo.

Kilès pou m rele si m gen yon kesyon sou yon referans?

Si w gen yon kesyon medikal sou yon referans, tanpri kontakte ekip k ap ba w premye swen an nan telefòn oswa nan MyCHArt.

Si w bezwen enfòmasyon sou ki sèvis espesyalize plan asirans sante w la peye pou yo, tanpri kontakte ekip sèvis kliyantèl plan asirans ou a. Nimewo telefòn nan dwe sou kat asirans sante w la.